



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE “NEW YORK HARBOR OF LIGHTS” (PÒ LIMYÈ NEW YORK LA) AVÈK ESPEKTAK LIMYÈ ENPRESYONAN SOU NOUVO KOSCIUSZKO BRIDGE A AK BILDING EMPIRE STATE LA

Kòmansman “The New York Harbor of Lights” pral Transfòme Estrikti New York yo pou yo Vin Tounen Atraksyon Entènasyonal pou Touris yo

L ap Ekspoze Premye Nouvo Pon Prensipal yo Konstwi nan Vil New York depi plis pase Senkantan

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante kòmansman “New York Harbor of Lights” la aprè selebrasyon grand ouvèti premye trave nan nouvo Kosciuszko Bridge a – ki se premye pon yo konstwi nan Vil New York depi lè yo te konstwi Verrazano Bridge a an 1964. Espektak limyè enpresyonan sa, ki te kowòdone ak limyè nan Bilding Empire State la yo epi yo te senkwonize sou mizik k ap pase sou plizyè estasyon iHeartRadio yo, sa te make premye pèfòmans nan “The New York Harbor of Lights” la. Antanke yon adisyon nan endistri touris k ap boujonnen nan eta a, espektak limyè dyòd liminèz (LED) ki gen plizyè koulè a pral transfòme estrikti mayifik New York la yo pou yo vin tounen atraksyon touristik ki gen renonmen mondyal, sa k ap atire plis vizitè ankò vini nan Empire State la, epi k ap estimile ekonomi zòn metwopolitèn lan.

“Pandan n ap kontinye fè plan enfrastrikti odasye New York la vanse vè lavan, nou ap sèvi kòm yon modèl onvo nasyonal pou transpò sekirize, ki fyab, pandan n ap ranfòse endistri touris eta a epi estimile ekonomi rejyon an,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Espektak limyè remakab sa a k ap fèt atravè liy orizon Vil New York la senbolize koneksyon ak fòs kominote nou yo atravè rejyon an.”

Prandan “The New York Harbor of Lights” la, yo te fè koregraf limyè dyòd liminèz (LED) ki gen plizyè koulè yo sou bit plizyè mizik, ki gen ladan:

- Yon konpilasyon natif New York ki gen mizik Billy Joel, Ace Frehley ki te manm gwoup Kiss la, Frank Sinatra, Alicia Keys ak Jay Z chante yo;
- Chante “Happy” Pharrell Williams lan;
- Chante “Signed, Sealed, Delivered,” Stevie Wonder a; ak
- Chante “Born This Way” Lady Gaga a.

Anplis de Kosciuszko Bridge a, yo pral enstale espektak limyè a nan toulè sèt pon ak tinèl MTA ap jere yo avan mwa Me 2018 la, ki gen ladan:

- Henry Hudson Bridge
- Whitestone Bridge
- Throgs Neck Bridge
- RFK Triborough Bridge
- Queens Midtown Tunnel
- Hugh L. Carey Brooklyn Battery Tunnel
- Verrazano-Narrows Bridge
- Marine Parkway-Gil Hodges Memorial Bridge
- Cross Bay Veterans Memorial Bridge

George Washington Bridge lan ap fè pati “The New York Harbor of Lights” tou. Limyè yo pral gen kapasite pou yo ajanse yo avèk mizik epitou pou yo ajanse youn ak lòt pou evènman espesyal. Espektak sa yo pral ranfòse endistri touris la yon fason enpòtan; endistri a deja resevwa \$63 milya nan kad depans vizitè fè dirèkteman chak ane - yon ogmantasyon \$9 milyon depi 2011.

[Nan kòmansman jounen an](#), Gouvènè a te anonse finisman premye trave nouvo Kosciuszko Bridge a, ki pral ofisyèlman ouvri pou sikilasyon nan toude direksyon a 11:30 p.m. jedi 27 Avril la. Pwojè Kosciuszko Bridge a ap ranplase pon ki la kounye a ki gen 78 tan, ki te premye ouvri an 1939 anba Administrasyon Prezidan Roosevelt la. Yon fwa yo fin konstwi l, nouvo pon an pral fèt ak de pon sispann, modèn depwent, youn k ap mennen anvè Queens, ak youn k ap mennen anvè Brooklyn.

Faz I pwojè \$555 milyon a se sèl pi gwo menm kontra Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation) te antreprann— li pèmèt konstriksyon pon ki mennen Queens lan ki gen twa liy sikilasyon nan chak direksyon, jiskaske Faz II a fini. Nouvo pon an pral benefisye apeprè 200,000 vwayajè chak jou epi yo atann li pral dire 100 an, sa k ap asire vyabilite l anpil alavni.

Anplis de sa a, mwa [Fevriye](#) a, Gouvènè a te anonse plan pou enploze de pi gwo seksyon ansyen pon an yo pandan ete sa a, pou yo prepare chemen pou Faz II pwojè a k ap kòmans nan mwa me ane sa a – sèt mwa konplè anvan delè yo te prevwa. Sa pral pèmèt ouvèti pon ki pral Brooklyn nan an nan odebi 2020, kat ane anvan yo te planifye a.

###